



## ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU AKTIVITE SOU PLAJ YO PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA

### Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka konfime sa anba dokiman an.

Apati 15 jen 2020

#### Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwozivwa pou Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo pou COVID-19") pou ka bay pwopriyetè/operatè lak ak plaj lanmè, ak rivaj piblik ak prive yo, ak anplwaye, machann, ak antrepriz yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 pandan espas sa yo ap rekòmanse ouvri.

Lis enstwiksyon sa yo se kondisyon minimòm sèlman epi nenpòt pwopriyetè/operatè piblik oswa prive yo lib pou yo pran prekosyon adisyonèl oswa limitasyon ki ogmante. Lis enstwiksyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik ke nou konnen nan moman Faz I reyouvèti Eta a, epi dokiman sou ki lis enstwiksyon sa yo baze yo ka epi ap chanje souvan. Antite ki Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsab pou yo adere a tout kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sou plaj yo.

Operatè prive yo responsab pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt aktivite sou plaj yo ak/oswa Plan Sekirite Espas yo. Yo dwe konfime pwovizyon ki nan dokiman enstwiksyon sa a nan lyen ki anba a.

Operatè prive yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, epi tou enkòpore yo nan nenpòt aktivite sou plaj yo. Sepandan, operatè piblik yo pa bezwen konfime sa anba la, men olye de sa yo dwe enfòmè Depatman Sante Eta New York lan (New York State Department of Health, NYSDOH) nan [OpenBeach2020@health.ny.gov](mailto:OpenBeach2020@health.ny.gov) pou ka enfòmè yo sou entansyon yo genyen pou yo fonksyone an konfòmite ak lis enstwiksyon sa yo, ak entansyon yo pou yo ranfòse nòm minimòm ke lis enstwiksyon sa yo te enpoze.

#### Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal omwen 6 pye ant moun yo, kote sa posib, epi konfòmman a Dekrè Egzekitif 202.10, yo entèdi aktyèlman rasanbleman nenpòt gwosè yo.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), pou mande biznis ki esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon mask pou kouvri figi yo, gratis, ke yo dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm popilasyon an pandan yo nan travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), pou mande nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), pou mande nenpòt moun ki ap itilize sistèm transpò piblik oswa prive yo oswa lòt veyikil a lwe yo, ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe mete yon mask oswa

mask pou kouvri figi yo pou kouvri nen ak bouch yo pandan vwayaj yo. Li te mande tou pou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive yo mete yon mask oswa mask pou kouvri figi yo ki kouvri nen ak bouch yo pandan ke gen pasaje nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), pou otorize operatè/pwopriyetè biznis yo gen mwayen pou yo refize kite rantrè moun ki pa mete mask pou kouvri figi yo oswa ki pa respekte kondisyon mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a [te pèmèt](#) pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke dezyèm faz reyouvèti a pral kòmanse nan divès rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman antisipe ki ap rasanble efò kòlèk enfòmasyon entansif eta a pou moun New York yo, otorite gouvènman yo, ak ekspè yo pou siveye epi revize jan yo ap jere viris la pou asire yon reyouvèti an sekirite. Nan dat 11 jen, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen nan divès rejyon New York.

Tanpri remake ke kote enstwiksyon ki nan dokiman sa a diferan de lòt enstwiksyon ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye yo, yo ta dwe aplike enstwiksyon ki pi resan an.

## Nòm pou Aktivite sou Plaj yo ki Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite sou plaj ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki genyen nan enstwiksyon sa a aplike pou tout aktivite sou plaj yo ki an fonksyonman pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Pwopriyetè oswa operatè lokal sou plaj, oswa yon lòt antite ke pwopriyetè/operatè a ka chwazi (nan toulède ka yo, "Antite ki Responsab yo"), dwe responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo.

Direktiv sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

## I. MOUN YO

### A. Distans Fizik

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke kapasite maksimòm etablisman sou plaj yo redwi a 50% kapasite

sezon nòmal yo. Yo ankouraje Antite ki Responsab yo pou yo itilize pwojeksyon sou patisipasyon yo, done istorik, sipèvizyon aktif, teknoloji (tankou ankèt ak kouvèti GIS yo), ak enjenyeri pou ka detèmine limit kapasite nan espas espesifik yo pou Plan Sekirite Espas la, ki dwe gen ladan yon konpozan rediksyon dansite yo, jan yo dekri anba la a. Antite ki Responsab yo dwe asire ke limit kapasite yo adopte yo favorize distans sosyal, dekouraje foul moun yo, epi limite gwo rasanbleman yo.

- Pou kapab akonpli objektif rediksyon kapasite yo, Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite veyikil ke yo pèmèt sou tèren pakin yo; sipèvize kontaj kantite moun ki nan veyikil yo; limite pwen aksè a plaj yo; etabli pwen rantre/sòti ki separe yo ak wout sans inik pou sikilasyon pyeton ak veyikil yo; itilize yon sistèm rezèvasyon sou entènèt oswa nan telefòn pou ka pèmèt moun yo rezève yon peryòd tan pou yo itilize plaj la; ak/oswa adapte orè fonksyonman estratejik yo oswa kritè fèmte ki fleksib jan sa nesèsè pou enstalasyon ki bay anpil sèvis yo. Si sa nesèsè, kontakte fòs lapolis yo pou yo ka ede nan kontwòl sikilasyon pou ka reyoryante veyikil ki devye yo si yon plaj oswa lak depase kapasite li.
- Yo dwe redwi kapasite nan espas entèn yo (pa egzanp, espas kote moun chanje rad yo, depo ekipman yo, kabin yo, twalèt yo) a pa pi plis pase 50% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, amwens ke yo te kreye li pou yon sèl moun itilize li oswa yo mete sou pye lòt mezi pwoteksyon pèsònèl adisyonèl yo (pa egzanp, toujou mete mask ki kouvri figi yo).
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo toujou kenbe yon distans sosyal omwen sis pye ant moun yo, ki enkli anplwaye ak manm popilasyon an, amwens ke yo se manm menm fwaye oswa fanmi, oswa amwens ke sekirite aktivite prensipal yo mande yon distans ki pi piti (pa egzanp, pou leve ekipman lou yo oswa bay asistans ijans pou moun ki pral sou plaj yo). Nenpòt lè moun yo dwe vin a sis pye youn de lòt, ki pa enkli manm menm fwaye oswa fanmi, yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Moun yo dwe prepare pou bay yon mask pou kouvri figi yo si yon moun vin sanzatann a sis pye de yo.
  - Mask pou kouvri figi ki akseptab pou COVID-19 yo enkli men yo pa sèlman mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo ak mask yo ka jete ki kouvri alafwa nen ak bouch yo.
  - Sepandan, mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, ke yo ka jete, oswa ke yo fè lakay yo pa mask pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay yo ki nòmalman mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou Ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) akòz modèl travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N95 oswa lòt Ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, jan sa defini konfòmman a [lis enstwiksyon OSHA yo](#).
- Antite ki Responsab yo dwe asire distans 10 pye ant chèz ak sèvyèt sou plaj yo, eksepte pou manm menm fwaye oswa fanmi yo.
- Antite ki Responsab yo ka modifye konfigirasyon ak itilizasyon espas oswa lokal travay yo (pa egzanp, chèz ak pwen kontwòl sekouris yo) ak zòn kote anplwaye yo chita, pou ke travayè yo ka omwen a sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzanp, bò kote lòt ak lè yo fas a fas) epi yo p'ap pataje lokal travay yo san netwayaj ak dezenfeksyon ki fèt ant chak itilizasyon. Lè distans sosyal yo pa posib ant lokal travay yo, Antite ki Responsab yo dwe bay epi mande itilizasyon mask ki kouvri figi oswa mete baryè fizik yo, tankou mi baryè an plastik, olye de mask ki kouvri figi nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon.
  - Si yo itilize yo, yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a [lis enstwiksyon OSHA yo](#).
  - Opsyon baryè fizik yo ka enkli band rido, glas ki epè oswa materyèl similè yo, oswa lòt divizè oswa separatè ki enpèmeyab yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe entèdi itilizasyon espas piti yo (pa egzanp, depo ekipman yo, veyikil yo) pa plis ke yon moun alafwa, amwens ke tout moun ki nan espas sa a an menm tan mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Sepandan, menm si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo, kantite moun ki nan espas la pa dwe janm depase 50% kapasite maksimòm espas oswa veyikil la, amwens ke si li te kreye pou yon sèl moun itilize li. Antite ki Responsab yo ta dwe ogmante nan pi gwo mezi

posib ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanp, ouvri fenèt ak pòt yo), pandan ke y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo.

- Antite ki Responsab yo ta dwe mete sou pye mezi ki pou redwi sikilasyon apye ak anbouteyaj nan de direksyon yo epi fasilite distans sosyal ki apwopriye. Mezi sa yo ka gen ladan yo, men yo pa limite sèlman a:
  - Relokalize wout ak pòtay pou bisiklèt yo pou ka amelyore sikilasyon pyeton, espas, ak sikilasyon sou tout twotwa ak wout yo;
  - Limite pakin nan espas altènatif yo;
  - Enstale baryè fizik yo nan gichè ak fenèt sèvis pou tikè, enfòmasyon ak gichè sou plaj yo;
  - Limite kantite anplwaye ki ap fè entèraksyon ak popilasyon an;
  - Delimite oswa denote espas sis pye ki apwopriye yo sou sab yo sou tout bò lanmè/rivaj yo, ansanm ak nan espas kote nòmalman moun konn fè liy yo (enstalasyon kote yo make lè yo rantrè/soti, espas pou evalyasyon sante yo, liy twalèt yo, liy tikè yo);
  - Itilize ti drapo, kòd, oswa lòt siy yo sou sab yo pou ka delimite espas 10 pye ki apwopriye yo nan tout zòn ki nan plaj la kote moun mete/poze sèvyèt yo ak chèz yo;
  - Modifye pwen/pòtay rantrè ak sòti yo pou ka kontwole patisipasyon/dansite;
  - Limite kantite sekouris ki chita sou chèz yo epi ajoute oswa ajiste lokal chèz yo; epi/oswa
  - Limite anbouteyaj sou twotwa, wout ak espas sou plaj yo ki chaje moun yo.
- Biznis an detay ki ap fonksyone nan etablisman ki sou plaj ak rivaj yo oswa ki otreman lokalize sou perimèt la dwe fèmen pou ka evite yon rasanbleman moun ki renmen al sou plaj yo.
- Yo ka itilize ekipman pou plaj yo (pa egzanp, chèz, parapli yo), men yo pa dwe pataje ekipman sa yo ak lòt moun ki pa nan fwaye oswa fanmi imedyà yo, amwens ke yo te netwaye epi dezenfekte yo apre chak itilizatè.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke twalèt yo ouvri epi pran mezi netwayaj ak dezenfeksyon souvan yo, epi yo dwe fèmen paviyon, tèren jwèt, pisin yo (ki sijè a plis enstwiksyon), ak douch entèn yo. Fontèn kote moun ka bwè dlo yo ka rete fonksyonèl si yo enstale yon sistèm aktivasyon san kontak oswa pedal ak pye yo.
- Antite ki Responsab yo dwe poste afichaj yo toupatou nan espas pakin, lokal ki bay tikè, rantrè yo, ak etablisman pou gwoup moun itilize yo, ki konsistan ak afichaj COVID-19 DOH la. Antite ki Responsab yo ka devlope epi itilize afichaj espesifik ki pèsonalize yo nan espas oswa etablisman travay yo, a kondisyon ke afichaj sa a konsistan ak afichaj Depatman an. Yo ta dwe itilize afichaj yo pou raple kliyan ak anplwaye yo pou yo:
  - Kouvri nen ak bouch yo ak yon mask pou kouvri figi yo lè yo pa ka kenbe distans sosyal sis pye a.
  - Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pou pwoteksyon pèsònèl yo.
  - Adere a enstwiksyon distans fizik yo.
  - Rapòte sentòm oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak jan pou yo fè sa.
  - Swiv lis enstwiksyon sou ijyèn men ak netwayaj yo.
  - Swiv etikèt ki apwopriye pou ijyèn respiratwa ak tous yo.

- Pou kapab redwi kontak ak rasanbleman entèpèsone ant moun ki pa manm menm fwaye oswa fanmi yo, Antite ki Responsab yo dwe etabli yon Plan Sekirite Espas la, ki gen ladan yon konpozan rediksyon dansite yo, ki ap enkòpore enstwiksyon sa a ak tout enstwiksyon ki aplikab ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo ak DOH te bay pou COVID-19. Plan an dwe gen ladan:
  - Kritè distans fizik ki apwopriye nan espas espesifik ak kritè netwayaj ak dezenfeksyon yo, ansanm ak lòt pi bon pratik ki konsistan ak enstwiksyon sa a.
  - Lis enstwiksyon ki apwopriye pou pèsone yo pou ka ranfòse distans sosyal ak bon jan ijyèn, epi pou redwi foul moun, aktivite an gwoup yo (pa egzanp, volebòl, foutbòl sou plaj), ak gwo rasanbleman yo.
  - Kanpay sansibilizasyon piblik, ki gen ladan afichaj, rezo sosyo, ak lòt mezi tankou sit entènèt lokal oswa federal yo, radyo, aplikasyon elektwonik, ak piblisite bando nan avyon yo pou ka ranfòse limitasyon kapasite yo, distans sosyal, ak pwotokòl asenisman yo.
- Règ pou plaj oswa etablisman ke yo te deklare nan nenpòt pèmi ak akò ki gen rapò ak itilizasyon etablisman yo ta dwe enkòpore rekonesans itilizatè a de plan sekirite espas la ak enstwiksyon sa a.

## B. Rasanbleman yo

- Eksepte nan yon ka ijans, yo entèdi pou yo fè rasanbleman, akotaj, oswa mare ansanm divès bato (pa egzanp, kannòt, kayak, chaloup, tib yo) nan yon etablisman, pou ka evite rasanbleman gwoup yo. Yo ka akote ak/oswa mare ansanm bato yo pou ka mete yo nan depo, san okenn moun ki ap itilize yo.
- Pak amizman yo ak atraksyon similè yo, ansanm ak pak jwèt ak lòt espas amizman piblik yo, ki sitiye sou plaj, twotwa, lak, ak rivaj yo dwe rete fèmen jiska nouvel èd.
- Pa dwe gen okenn lavant manje oswa bwason apati machann an detay oswa restoran yo, ak okenn aktivite alokasyon ekipman pou plaj yo (pa egzanp, chèz, sal yo).
- Antite ki Responsab yo pa dwe pèmèt aktivite espò, chanpyona ak kontak ki òganize oswa espò "gwoupe" yo, oswa aktivite, festival, konsè, fedatifis, ak fim espesyal yo.
- Ban, tab piknik, ak espas pou moun chita an gwoup ke yo chwazi yo dwe rete fèmen ak afichaj, tep, oswa kòd ki apwopriye yo.
- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsone yo (pa egzanp, liy rasanbleman, reyinyon sekirite yo) nan pi gwo mezi posib, epi yo dwe itilize lòt metòd ki ka aplikab yo, tankou konferans nan videyo oswa telefòn lè sa posib, konfòmman a enstwiksyon CDC pase nan "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèvansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans nan videyo oswa telefòn yo pa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe fè reyinyon yo nan espas ki laj, ki byen ayere epi yo ta dwe asire ke moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn de lòt (pa egzanp, si gen chèz, kite espas ant chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz ki altène).
- Antite ki Responsab yo dwe mete an plas pratik pou distans sosyal ki apwopriye nan espas ki piti yo, tankou twalèt ak sal poz yo, epi yo ta dwe devlope afichaj ak sistèm (pa egzanp, mete siy lè yo okipe) pou limite okipasyon lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan zòn sa yo; epi
- Antite ki Responsab yo ta dwe dekale orè travay anplwaye yo pou ka kenbe distans sosyal (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (pa egzanp, poz kafe, manje, ak kòmansman/fen orè yo).

### C. Aktivite nan Espas Travay yo

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke sekouris ak lòt pèsonèl sekirite nan dlo yo respekte nòm DOH yo ak enstwiksyon ki gen rapò ak COVID-19 yo.
  - Sekouris ak lòt pèsonèl sekirite nan dlo yo dwe mete yon mask ki kouvri figi yo lè yo ap fè patwouy ak entèraksyon a 6 pye de kòlèg travay yo ak manm popilasyon an, eksepte lè yo ap fè sovtaaj nan dlo yo oswa lòt aktivite pou sove lavi oswa entèvansyon ijans yo.
- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye mezi fòmasyon ak operasyon sou plaj yo, ki ka gen ladan limitasyon kantite sekouris yo pa moman sou nenpòt platfòm oswa pwen kontwòl pandan ke y'ap ajoute pwen kontwòl pou sekouris yo, jan sa nesèsè, pou kapab kenbe distans sosyal ant sekouris yo pandan ke yo ap bay menm kouvèti ak pwoteksyon ki nesèsè pou asire sekirite piblik. Sekouris yo dwe pran fòmasyon tou sou jan pou yo ranfòse distans sosyal ak kontwòl foul moun sou plaj yo.
- Antite ki Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak ak rasanbleman entèpèsonèl yo, apati metòd tankou:
  - limite prezans an pèsòn yo pou sèlman pèsonèl ki nesèsè nan espas la;
  - ajiste orè plaj oswa pak yo;
  - redwi mendèv sou plas yo pou ka akomode lis enstwiksyon distans sosyal yo;
  - kreye ekip A/B, dekalè tan arivaj/depa yo; epi/oswa
  - evite plizyè gwoup ak/oswa ekip ki ap travay nan yon sèl zòn lè nou ap dekalè aktivite ki pwograme yo epi itilize siy pou endike zòn ki okipe yo.

### D. Deplasman ak Komès

- Antite ki Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (pa egzanp, chwazi yon rante/sòti oswa wout ki separe pou travayè ki ap kòmanse/fini travay yo, nan mezi ki posib).
- Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere mete an plas opsyon peman san kontak yo, kote sa posib; epi si sa pa posib, yo dwe gen materyèl ijyenik pou men yo ki disponib pou yo itilize apre chak tranzaksyon.
- Menm si plaj yo ouvri, kliyan yo dwe respekte lis enstwiksyon yo.
  - Prepare tèt ou. Pote yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo pou mete lè nou a 6 pye de moun ki pa nan fwaye oswa fanmi nou, ak savon/dezenfektan pou yo itilize lè sa nesèsè. Pote dlo ak pwoteksyon ki apwopriye pou solèy la. Rasanble oswa byen jete tout fatra yo.
  - Kenbe yon distans fizik sis pye oswa pi plis de lòt moun yo, epi evite rasanbleman ak moun ki pa nan fwaye oswa fanmi ou. Yo pa pèmèt gwo rasanbleman, piknik, ak fèt sou plaj yo. Yo pral mande vizitè yo pou yo tounen lakay yo si gen twòp moun sou plaj la oswa sou santye yo pou ka pèmèt yo kenbe distans fizik ki nesèsè a.
  - Yo pèmèt aktivite endividyèl oswa an fanmi sou plaj yo (pa egzanp, navigasyon sou dlo, lanaj, vwayaj nan kayak, ramaj sou dlo, laplanch), kous, oswa moun ki ap mache sou sab yo.

## II. ESPAS YO

## A. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- An plis de Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo ki nesèsè jan yo mande sa pou kèk aktivite nan espas travay yo, Antite ki Responsab yo dwe achte, konfeksyone oswa otreman jwenn mask ki akseptab pou kouvri figi yo, epi yo ta dwe bay anplwaye yo mask sa yo gratis pandan yo nan travay la. Antite ki Responsab yo ta dwe gen disponib yon apwovizyonman mask pou kouvri figi yo, mask ak lòt ekipman PPE ki nesèsè ki disponib nan ka ke yon anplwaye bezwen yon ranplasman. Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.
- Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte [enstwiksyon](#) CDC pase yo pou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak lòt tip Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo, ansanm ak enstwiksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo.
  - Remake ke yo pa ta dwe konsidere mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak mask ke yo ka jete yo kòm mask ki akseptab pou kouvri figi pou aktivite nan espas travay yo ki mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou kondisyon pou kouvri figi yo. Pa egzanp, si respiratè N95 yo nòmalman nesèsè pou aktivite espesifik yo, yon mask pou kouvri figi ki fèt ak rad oswa ki fèt lakay ou pa pral sifi. Antite ki Responsab yo dwe adere a nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo
- Antite ki Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. An plis, enstwiksyon sa a pa ta dwe anpeche anplwaye yo mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsonèl adisyonèl yo (pa egzanp, mask chirijik, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo), oswa si Antite ki Responsab yo otreman mande anplwaye yo mete plis PPE pou pwoteksyon yo akòz modèl travay yo. Konpayi travay yo ta dwe konfòme yo anba tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye mezi ki pou limite pataj atik yo, tankou zouti, chèz, ak veyikil yo, epi pou evite manyen espas komen yo, tankou manch pòt ak balistrad yo; oswa, mande tout travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo vin an kontak ak sifas moun manyen souvan oswa atik yo pataje ak lòt moun yo; oswa, mande moun yo dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere bay chak sekouris yon pake PPE, ki gen ladan yon mask, gan, dezenfektan pou men, mask pou Reanimasyon Kadyopilmonè (Cardiopulmonary Resuscitation, CPR), linèt sekirite yo, ak yon mask chirijik pou moun ki renmen al sou plaj ke yo te rale soti nan dlo yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fòme travayè yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo.

## B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire aderans a egzijans ijyèn ak asenisman yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "[Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "[STOP THE SPREAD](#)" (SISPANN PWOPAGASYON AN), jan sa aplikab. Antite ki Responsab yo dwe kenbe rejis ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo.
- Antite ki Responsab yo dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, jan nou pral site la a:

- Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papyè ke yo ka jete, nan mezi ke gen enstalasyon sa yo ki disponib.
- Pou dezenfektan: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
- Antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj tou pre espas ki gen dezenfektan pou men yo pou endike ke moun ta dwe lave ak dlo ak savon men ki klèman sal anpil yo; dezenfektan pou men yo pa efikas pou men ki klèman sal anpil yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mete poubèl tou pre etablisman an pou moun ka jete bagay ki sal yo, tankou PPE yo.
- Antite ki Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye yo pou sifas ki komen epi ke moun manyen souvan yo, epi yo dwe ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, lè y'ap swiv enstwiksyon fabrikan yo, anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize, ki enkli chanm pou chanje rad yo, twalèt, kabin, ak douch deyò yo, ak pou sifas yo manyen souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt yon fason minisye epi kontinyèl epi yo ta dwe fèt omwen twa fwa pa jou, oswa pi souvan jan sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
  - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo adere a distans sosyal yo lè y'ap redwi kapasite chanm pou chanje rad yo, kabin, douch deyò, ak twalèt yo jan sa posib.
  - Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere enstalasyon sechwa pou men ak/oswa distribitè sèvyèt papyè yo ki san kontak yo pou etablisman twalèt yo.
  - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman dezenfekte ekipman (pa egzanp, chèz ak parapli sou plaj yo, kannòt, kayak, bato chaloup yo) ak zouti yo apati itilizasyon dezenfektan ki anrejistre yo, ki enkli omwen chak fwa travayè yo itilize yo. Konsilte [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi ke EPA te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19. Plan sekirite espesifik pou etablisman yo dwe enkòpore pwotokòl pou ka byen netwaye, dezenfekte, epi ayere tout etablisman yo.
  - Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj oswa dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin yo, Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa gan ke yo ka jete ak/oswa limitasyon kantite anplwaye ki ap itilize machin sa yo.
  - Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè yo nan ka ke gen yon travayè ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas kote ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo (pa egzanp, platfòm oswa pwen kontwòl sekouris yo, pòtay, gichè tikè oswa lavant, pyedestal douch, kontwa, lavabo, seri pòt yo, ti radyo emetè ak resepte yo, balistrad, ak manch pòt yo).
- Enstwiksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
  - Fèmen tout espas ke moun ki malad la te itilize yo.
    - Antite ki Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon yo, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.



- Ouvri pòt ak fenèt deyò yo pou ka ogmante sikilasyon lè nan espas la.
- Rete tann 24 èdtan anvan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, rete tann pi plis posib.
- Netwaye epi dezenfekte tout espas ke moun ki malad la te itilize yo, tankou biwo, twalèt, sal komen, ak ekipman yo pataje ak lòt moun yo.
- Yon fwa ke yo byen fin dezenfekte espas la, yo ka ouvri li pou moun itilize.
  - Travayè ki pa't gen kontak tou pre oswa bò kote moun ki malad la ka retounen nan espas travay la imedyatman apre dezenfeksyon yo.
  - Refere nou a "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou kontak "tou pre oswa pwòch yo".
- Si plis pase sèt jou te pase depi lè moun ki malad la te vizite oswa itilize etablisman an, li pa nesesè pou fè netwayaj ak dezenfeksyon adisyonèl, men yo ta dwe kontinye fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye yo.
- Sal oswa etablisman Premye Swen yo ta dwe toujou gen materyèl, epi yo ta dwe netwaye epi dezenfekte yo konfòmman a egzijans Kòd Sanitè Eta (State Sanitary Code) DOH la ak enstwiksyon pou COVID-19 yo.
- Antite ki Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje yo (pa egzanp, manje nan modèl bifè yo) ant anplwaye yo, yo ta dwe ankouraje anplwaye yo pote pwòp manje ki soti lakay yo, epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje.

### C. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou ke yo ka pèmèt yo rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite anplwaye, èdtan, ak kantite kliyan yo lè y'ap retounen ouvri pou premye fwa pou yo ka bay operasyon ki gen kapasite pou ajiste a chanjman yo.

### D. Plan Kominikasyon yo

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon ke Eta a te pase yo, epi ke yo pral mete yo sou pye.
- Antite ki Responsab yo dwe devlope yon plan kominikasyon pou anplwaye ak vizitè yo ki gen ladan enstwiksyon, fòmasyon, afichaj ki aplikab, ak yon mwayen ki konsistan pou bay anplwaye ak vizitè yo enfòmasyon. Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak rezo sosyo.
- Antite ki Responsab yo dwe devlope yon kanpay sansibilizasyon piblik pou plan sekirite ak rediksyon dansite a, apati mezi tankou afichaj, rezo sosyo, sit entènèt, oswa radyo yo.

## III. PWOSESIS YO

## A. Evalyasyon ak Tès yo

- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye pratik evalyasyon sante jounalye obligatwa yo.
  - Yo ka fè pratik evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke anplwaye a vin nan etablisman an, nan mezi sa posib; oswa yo ka fè yo nan espas travay la.
  - Yo ta dwe kowòdone evalyasyon yo pou anpeche travayè yo melanje an kontak tou pre youn ak lòt anvan yo fin konplete evalyasyon yo.
  - Pou pi piti, yo dwe mande evalyasyon pou tout travayè yo, epi yo ta dwe konplete yo apati itilizasyon yon kesyonè ki ap detèmine si wi ou non travayè a te:
    - (a) an tout konesans li tou pre oswa bò kote yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa te gen sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo;
    - (b) teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; epi/oswa
    - (c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo.
- Al li direktiv CDC a sou "[Sentom Kowonavis](#)" (Symptoms of Coronavirus) pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mande anplwaye yo pou yo imedyatman revele si ak lè repons yo bay pou nenpòt kesyon nou sot mansyone anlè a yo te chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom yo, alafwa pandan orè travay yo oswa orè an deyò travay yo.
- Yo ka fè verifikasyon tanperati jounalye yo konfòmeman a lis enstwiksyon Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Ego Ameriken (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH yo. Antite ki Responsab yo gen entèdiksyon pou yo kenbe rejis sou enfòmasyon sante anplwaye yo (pa egzanp, enfòmasyon sou tanperati yo).
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke nenpòt manm pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo, ki enkli verifikasyon tanperati yo, dwe byen pwoteje tèt yo yon fason ki apwopriye kont ekspozisyon yo a travayè ki potansyèlman enfekte ki ap antre nan espas la. Pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki fanmiyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe resevwa epi yo ta dwe itilize PPE yo, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo, epi sa ka enkli gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi yo.
- Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ke yo evalye ki pozitif pou sentom COVID-19 yo antre nan espas travay la epi yo ta dwe voye yo lakay yo epi mande yo kontakte founisè swen sante yo pou ka fè evalyasyon ak tès. Antite ki Responsab yo dwe imedyatman enfòme depatman sante lokal eta ak lokal la sou ka sa a si rezilta tès yo pozitif pou COVID-19. Antite ki Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou resous ki genyen pou swen sante ak tès yo.
- Pati Responsab yo dwe gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon Oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon pwèn kontak, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout kesyonè anplwaye yo, epi yo dwe idantifye

kontak sa tou kòm antite pou anplwaye ak vizitè yo enfòmè si pi devan yo vin santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 yo, jan yo make nan kesyonè a.

- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite espas la ki gen responsabilite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan Plan Sekirite Espas la.
- Nan mezi sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe konsève yon dosye sou chak travayè ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa espas travay la; sa pa enkli livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo. Dosye yo ta dwe gen enfòmasyon kontak yo, yon fason pou ke yo ka idantifye, trase epi enfòmè tout kontak yo nan ka ke yo dyagnostike yon anplwaye kòm yon moun ki gen COVID-19. Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak efò depistaj kontak depatman sante lokal ak eta yo.
- Antite ki Responsab yo pa ka mande kliyan yo fè depistaj sante oswa bay enfòmasyon kontak yo men yo ka ankouraje kliyan yo fè sa. Antite ki Responsab yo ka bay yon opsyon pou kliyan yo ka bay enfòmasyon kontak yo pou ke yo ka mete yo nan dosye epi kontakte yo pou depistaj kontak yo, si sa nesèsè.

## **B. Depistaj ak Reperaj**

- Antite ki Responsab yo dwe enfòmè depatman sante lokal ak eta a imedyatman apre yo fin enfòmè sou nenpòt rezilta tèst ki pozitif pou COVID-19 pou yon travayè ki nan etablisman yo a.
- Nan ka ke yon anplwaye oswa kliyan ki te fè entèraksyon nan etablisman an te teste pozitif, Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak depatman sante lokal ak eta a pou ka depiste tout kontak yo nan espas travay la epi enfòmè depatman sante lokal ak eta a sou tout anplwaye yo te dokimante ak kliyan yo (jan sa aplikab) ki te rantre nan etablisman an oswa espas la soti depi 48 èdtan anvan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 yo oswa te teste pozitif, nenpòt sa ki te rive anvan, men yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo mande sa.
- Depatman sante lokal ak eta yo pral mete sou pye sipèvizyon ak limitasyon deplasman moun ki enfekte oswa ki ekspoze yo ki enkli izòlman oswa karantèn lakay yo.
- Moun ke yo te alète ke yo te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète apati depistaj, reperaj oswa lòt mekanis yo, gen obligasyon pou yo rapòte tèt yo bay konpayi travay yo lè yo jwenn alèt la epi yo dwe swiv tout pwotokòl ki referanse anlè a yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe bay yon mwayen pou kliyan yo ka enskri nan yon pwogram depistaj kontak yo, jan sa posib.

## IV. PLAN KONPAYI TRAVAY YO

Antite ki Responsab yo dwe poste byen klè Plan Sekirite Espas konplè yo nan espas la. Eta a te mete disponib yon modèl plan reyouvèti yo pou ka gide operatè paj ak lak yo nan devlopman plan pou pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

### **Gen enfòmasyon, lis enstwiksyon, ak resous adisyonèl ki dispobib sou:**

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la  
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo  
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl  
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

### **Nan lyen ki anba la a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmman a enstwiksyon sa a:**

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>